



Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami Dade Pwogram Evalyasyon Espesyal Kondominyòm Apèsi sou pwogram nan

Pwogram sa a va ede pwopriyetè kondominyòm ki ap viv ladan yo ki gen finans limite, fè fas a egzijans evalyasyon espesyal ki asosye ak reyabilitasyon/reparyasyon nan kad egzijans resètifikasyon entegrite bilding ki aplikab la. Fon taks siplemantè yo va nan fòm yon prè epi revni anyèl medyan fanmi an pa ka depase limit maksimòm 140% jan sa endike nan tablo limit revni Konte Miami-Dade la. Kondisyon prè yo va estriktire pou bese fado finansye a sou fanmi yo pandan yo ap rekonèt nesessite pou asire konfòmite ak pwogram taks siplemantè a.

- Pwogram nan va regle zafè domaj fizik nan kondominyòm nan
- Pwogram nan va ede fanmi yo ak/oswa pwopriyetè kay
- Pwogram nan va ede Pwopriyete Kondominyòm atravè tout Konte a
- Pwopriyetè a dwe abite nan apatman an ki dwe rezidans ak domisil prensipal li; Pwopriyetè investisman yo pa elijib pou pwogram asistans lan
- Pwogram nan va bay prè jiska \$50,000.00 ak yon tèm ranbousman 40 ane.
- Peman mansyèl la pral \$50.00 pou fanmi ki gen revni fèb ki gen rès dèt nan Dat Matirite.
- Peman chak mwa pou fanmi ki gen revni modere yo va kalkile nan to enterè 0.00% pou 40 ane.
- Yo dwe itilize nenpòt byen an lajan kach ki depase \$50,000.00 pou avalwa jiska 10% montan prè a.
- Si pwopriyetè a vann pwopriyete a, refinanse l pou li pran lajan sou li oswa si li sispann itilize kay la kòm rezidans prensipal, li dwe peye rès dèt la.
- Lè pwopriyetè a mouri, yo dwe peye dèt la totalman sòf si pwopriyetè pwopriyete a pase nan men eritye pwopriyetè a epi eritye sa yo satisfè kritè annapre yo: (a) ap viv nan pwopriyete a, (b) pa touche plis pase pousantaj maksimòm aktivite finansman AMI nan moman transfè a, epi (c) siyen dokiman apwopriye jan Konte Miami-Dade egzije sa.
- Evalyasyon yon sèl fwa pou chak pwopriyetè apatman
- Yo va dwe peye fon reyabilitasyon yo bay Asosyasyon Kondominyòm nan
- Yo va egzije ak revize Bidjè Kondominyòm nan ak kesyonè Kondo a
- Peman ipotèk ak frè HOA/antretyen yo dwe ajou
- Gen yon deskripsyon travay yo dwe fè ak/oswa yon Dimansyon Travay la ki va obligatwa pou detèmine asistans prè a
- Yo va egzije rapò semèstriyèl ki soti nan Asosyasyon Kondominyòm nan